

# Sa pou w konnen sou Kat Debi Rekonpans Bluebook yo



Nou vle pataje enfòmasyon enpòtan sou kat debi ki deja gen kòb sou yo ou ta ka resevwa lè w genyen rekonpans atravè **Valenz Bluebook**. Men sa ou bezwen konnen:

## DETAY ENPÒTAN:

- **Ekspirasyon:** Kat debi yo ap ekspire 12 mwa apre dat yo te emèt yo a. Yo paka bay yon lòt kat apre dat ekspirasyon an rive, donk asire w ou itilize lajan an anvan li ekspire.
- **Plizyè Kat:** W ap resevwa yon kat debi pou chak rekonpans ou genyen. Chak kat inik epi yo pa ka rechaje.
- **Aktivasyon Obligatwa:** Ou dwe aktive chak kat ou genyen pou w ka itilize kòb la. W ap resevwa yon notifikasyon apre 3 mwa si kat ou a (yo) pa t aktive.
- **Akseptasyon Mastercard:** Kat debi ki gentan gen kòb sou li a se yon Mastercard, epi yo ka itilize lajan an nenpòt kote yo aksepte Mastercard.

## SI OU TE RESEVWA YON KAT DEBI NAN LAPÒS MEN OU PA T AKTIVE LI, OU KA FÈ SA LÈ OU:

- Rele sant aktivasyon an nan 1-888-471-3662
- Konekte sou [healthcarebluebook.com/activate](https://healthcarebluebook.com/activate)

**Pwofite de opòtinite sa a pou w ekonomize sou depans swen sante epi genyen rekonpans lè ou pran desizyon ki byen enfòm.**

## OU POKO GENYEN YON REKONPANS?

Men kijan ou ka ekonomize sou pwochen pwosedi medikal ki kalifye w la:

1. **Konekte:** Konekte sou [healthcarebluebook.com/cc/mdcps](https://healthcarebluebook.com/cc/mdcps) epi antre enfòmasyon koneksyon ou.
2. **Chèche Swen:** Antre sèvis medikal ou bezwen an nan ba rechèch la. Sou paj rezilta pwosedi a, chèche senbòl rekonpans vèt la ki endike pwosedi a kalifye pou yon rekonpans.
3. **Chwazi yon Etablisman Vèt:** Jwenn etablisman ki gen yon evalyasyon pri vèt ki endike pi bon pri a. Pou pwosedi ki mande entènè lopital la, chwazi yon etablisman ki vèt nan pri ak nan kalite pou w ka genyen rekonpans.
4. **Resevwa Swen:** Fè sèvis ou a nan yon etablisman Fair Price™ ki gen nòt vèt. Konsa li fasil ! Lè w pran bon desizyon, ou ka kalifye pou w genyen jiska \$1,500 rekonpans.



## Tcheke li deyò

[healthcarebluebook.com/cc/mdcps](https://healthcarebluebook.com/cc/mdcps)

888-316-5217

Telechaje  
Aplikasyon an



Kòd Mobil:  
MDCPS1



**Valenz Bluebook**